



**Department of  
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Chè fanmi:

Nan Vil Nouyòk, nou gen anpil espwa nan chak elèv - n ap atann ekselans. Epi nou pran angajman pou nou bay chak grenn nan yo sipò yo bezwen pou yo satisfè gwo atant sa yo—sa se ekite.

Youn nan pi bon fason pwofesè kapab bay yon enstriksyon ki solid ak efikas, se lè yo gen bon enfòmasyon ki ajou konsènan pwogrè elèv yo ap fè.

Se poutèt sa pifò lekòl deja kòmanse fè sa yo rele "verifikasyon poul" ("pulse check") sou pwogrè elèv nan mitan ane a, epi nou agrandi pratik sa a atravè lekòl ane sa a.

Sa bay pwofesè ak administratè lekòl enfòmasyon yo bezwen pou yo rankontre chak elèv kote yo ye, epi Sipèntandan ak Biwo Borough/Vil la bezwen pou yo konprann pi byen sipò ak sipèvizyon ki adapte pou chak lekòl. Se pou sa lekòl nou an itilize yon nouvo evalyasyon sou konpitè pou evalye pwogrè elèv klas 3yèm ak 6yèm ane plizyè fwa pandan ane a. Avèk yon evalyasyon tou kout sou konpitè, pwofesè yo resevwa enfòmasyon valab sou sa elèv konnen, pou yo ka ajiste enstriksyon pou rankontre elèv yo kote yo ye a.

Pou kèk elèv, sa vle pwofesè kapab abòde lakin elèv genyen nan aprantisaj pi byen; ak pou kèk lòt, sa vle di pwofesè kapab founi opòtinite ranfòsman pou elèv ki tou pre oswa depase konesans nivo klas la.

Se yon apwòch ki fè prèy li epi se youn nan divès metòd pwofesè pitit ou a itilize pou kreye yon anviwònman agreyab ki pouse aprantisaj, sous ekite ak ekselans pou tout elèv nou yo.

Tanpri kontakte m oswa pwofesè pitit ou a si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,

Direktè